



Centre sénégalais-allemand
d'information pour l'emploi,
la migration et la réintégration



Ay yoon ak peXe yi jém ci wallu
Ligeey - ci réewu Senegal ak
bu Almaañ



Denga ñibbisi Senegaal?

Danga nekk çi tànkum wutum xéy çi réewum Senegaal?

Denga am ap mēbētu tukki bu jaar yoon jém réewu Almaañ?

Ñoongi ci seen wet ci seen diiru waajtaayu ñibbisi bepp.

Deñu lay guŋnge ci sa uutum ligeey fii ci Senegaal ak Almaañ.

YEGLEE, WOMMAT, TAGGAT, GUŊNGE

Ñoongi leen di deglu te di leen guŋnge ngir ngeen àggale séen mbebetu bopp ak ci wallu ligeey.

YEGAL AK WOMMAT LEEN

Kurel Senegalo-allemand bii yore lu jém ci wallu Xéy mi, Tukki ak Dugalaat bi defaralna leen ay xibaar ak ay tektal yu ñu tann ci:

- Ay buntu aki yoon ci wallu Xéy ak taggat ci réewu Senegaal
- Ay buntu aki yoon ci wallu Xéy ak taggat ci réewu Almaañ
- Ay ndimmbal ci wallu guŋnge ngir duggaat ci askan wi ak koom gu ñu defaral tukkiikat yu dellusi yi
- Anam yi nga wara sammante ngir sa mēbētu tukki bu jaar yoon muna sotti

TAGGAT AK GUNNGE LEEN...

...Ci seen wuutum xéy

Kurel Senegalo-allemand bi def leen di taggat aki gunnge ci seen wuutum ligeey bepp. Sunu ay yenngu yenngu:

- Ay lëlu xibaar ak xamle ci wallu ligeey yu ëllëk yi ak banjaas yii nga xam ni ñoo gëna yeyoo joxe ligeey
- Ay lëlu taggat benn nitt wolla mboolo
- Ndimmbal ci wallu nafar CV ak bataaxal pas pas
- Waajal ci wallu Janoo yi ngir am ligeey bu sax
- Ay sottante xalaat ci wallu taxawal say mbiri bopp ak yenngu yenngu
- Ay ndaje ci wallu Xéy

...Ci seen mēbētu taxawal seen sosete bopp

Ndax ñu yore seen ligeeyu bopp ngeen? Kurel sénégal-allemand bi dina leen jappale ci:

- Ay lëlu joxe xibaar ci wallu banjaas yu am yaakaar yi
- Ay taggat ci wallu ligeeyal sa bopp
- Ap gunnge ci nafarum seen palanju ligeey
- Amaana benn ndimmbal ci wallu koom
- Boole leen ak ñeneen ñu yore ay xalaat ci wallu ligeey

...Ci seen duggaat ci askanu Senegaal

Ndax soxla ngeen ndimmbal wolla xelal ngir seen duggaat ci askanu Senegaal? Kurel sénégal-allemand bi dina leen jappale ci:

- Xelal ak benn taggat bu ñu tann
- Wommat leen jémale ci ay kurel yu leen di taxawoo ci wallu wér gu yaram
- Boole leen ak ay mbootaay yu leen muna gunnge ci duggaat si biir sèeni ay mbokk

Jariñu, te du la dikke dara!

Ngeen doon kuy uut xéy bu ñuy fay wolla borom xalaat ci wallu ligeey mbaa ngeen soxla ndimbal ngir seen duggaat, Kurel sénégaló-allemand yeen la fii nekkal. Dina leen won kurel yii di gunge yu muna facc seeni soxla: ay juntuwaayu nguur gi, ay juntuwaayu kurel yu lokkoloowul ak nguur gi ak ay moomeelu bopp.

Yeen lañu fii nekkal!

Jokko leen ak ñun ci

Ci suufu makaanu ANPEJ bi nekk Castor-Dakar
Lot 1 Lotismaa bu SODIDA
Avenue Bourguiba
47267 Dakar-Liberté

+221 33 825 87 21

senegalo-allemand@giz.de

facebook.com/CSAEM

Waxtu ubbite

Altine ba Aljuma: li ko dale 9 waxtu yu teg oo simili ba 4 waxtu ci ngoon

Da Koronaa mënees na waral coppite ci bés ak waxtu yi sunuy béréb yi di ubbi. Nu leen di ñaan, laatay jóg jëmsi fa, ngeen setantal ci www.startfinder.de, mbaa ngeen woote ci 33 825 87 21. Di leen di digal it ngeen leerlu, ci woote telefon walla yonne bataaxalu enternet, yéesal yi ci sárt yi nu téral ci sunuy béréb, jëm ci doxalinu fagaru.



Ngir xibaar yu gina yaatu, demleen ci:

www.startfinder.de/fr/csaem

Kurel sénégaló-allemand bu yore xibaaru Xéy, Tukki ak Duggaat bi Bokk na ci téralinu tukki ngir naataange bi ame ci ndigalu jawriñ réewu Almaañ bi yore wallu Jefalante ci koom ak Naataange (BMZ) ci ay réew yu ñu tann ngir ligeey ak ñoom.

Fii ci Senegaal, Kurel bii di Gesellschaft für Internationale Zusammenarbeit (GIZ) mooy doxal téralin bi and ci ak ndimmbalu kurel boobu di Taxawal Xéyu ndaw yi (ANPJ).

Ki ko fésal moy:

Deutsche Gesellschaft für Internationale Zusammenarbeit (GIZ) GmbH

Mákkaanu kër-gu-mag gu GIZ :
Boon ak Esboorna

Kurelu Tukki ngir naataange
Dag-Hammarskjöld-Weg 1-5
65760 Eschborn, Almaañ
T +49 61 96 79-0
F +49 61 96 79-1115
E info@giz.de
I www.giz.de

Durchgeführt von:

giz Deutsche Gesellschaft
für Internationale
Zusammenarbeit (GIZ) GmbH

Im Auftrag des



Bundesministerium für
wirtschaftliche Zusammenarbeit
und Entwicklung

ANPEJ
AGENCE NATIONALE POUR LA
PROMOTION DE L'EMPLOI DES JEUNES